



Pou Piblikasyon Imedya: 23/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL APRE REYINYON AK MAJISTRA PI  
GWO VIL NEW YORK YO SOU DESIZYON KACHE TRIBINAL SIPRÈM LAN POU  
POTE ZAM**

*Foto reyinyon yo disponib [isit la](#)*

"Aprè desizyon ensousyan ak repreyansib Tribinal Siprèm lan te pran sou *NYSRPA v. Bruen*, mwen te konvoke Majistra sis pi gwo vil New York yo -- Albany, Buffalo, Vil New York, Rochester, Syracuse, ak Yonkers -- pou diskite sou enpak desizyon an ak opsyon politik n ap konsidere yo. Majistra yo nan premye liy batay kont vyolans ak zam lan, epi yo se patnè enpòtan nan travay nou pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite. Nou pral kontinye rete an kominikasyon sere pou asire ke repons nou an estratejik ak inifye.

Ekip mwen an t ap prepare pou desizyon sa a ak eksplòre tout aksyon posib, epi nou nan diskisyon ak lejislati a sou opsyon lejislatif nou yo. Nou pa enpwisan, epi nou pral fè tout sa nou kapab pou pwoteje Nouyòkè yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418